



Lwa sou Swen Abòdab E Ou Menm

Yon Gid pou Travayè nan Jaden ki Prezan Legalman ak Fanmi yo

Si ou menm oubyen yon manm fanmi w prezan legalman Ozetazini, ou gen kèk chwa pou w resevwa asirans sante. Ou kapab achte asirans sante nan mache nan eta kote w ap viv la, kote w kapab kalifye tou pou èd finansyè pou ede w desann pri asirans la. Ou ka kalifye tou pou Medicaid. Pou enfòmasyon sou Medicaid, gade nan Gid sou Lwa Sou Swen Abodab pou Travayè nan Jaden ak Fanmi yo ki Sitwayen Ameriken epi “Imigran ki Kalifye”.

Ki moun ki prezan legalman?

Ou prezan legalman si w se:

- Yon rezidan pèmanan legal (ou gen “green card”)
- Yon refijye oubyen ou gen azil
- Yon sivivan trafik (avèk yon viza T)
- Yon sivivan vyolans domestik (avèk yon viza U)
- Yon moun ki gen yon viza non-imigran (avèk yon viza H-2A oubyen H-2B)
- Yon benefisyè Stati Pwoteksyon Tanporè (TPS)

Ki chwa mwen genyen pou asirans sante?

Asirans Sante Prive

Chak eta genyen yon “mache kote yo vann asirans sante” kote ou kapab achte yon plan asirans sante prive. Tout plan yo genyen yon seri sèvis medikal debaz, ki gen ladan yo vizit medikal regilye, swen an ijans, medikaman doktè preskri epi jesyon maladi kwonik. Ou kapab chwazi plan ki pi bon pou ou menm ak fanmi w lan.

Fason pou jwenn èd finansyè:

Si kòb ou touche a pi piti pase \$47,080 (oubyen \$80,360 pou yon fanmi ki gen 3 moun), ou kapab kalifye pou èd pou desann pri asirans sante a.

Ou kapab kalifye pou de kalite èd finansyè:

Kredi nan taks

Gouvènman federal la pral peye yon pati nan pri a dirèkteman bay konpayi asirans la, epi kòb w pral peye chak mwa a ap pi ba.

Ko peman pi ba

Ou kapab kalifye pou peye mwens kob pou vizit medikal ak medikaman doktè preskri yo.



Fason pou aplike:

- Ou kapab aplike nan telefòn, nan konpitè, oubyen ou kapab ranpli yon aplikasyon sou papyè. Fòmilè a disponib an panyòl.
- Gen anpil òganizasyon kominotè ak sant sante kominotè ki gen pèsònèl ki fòme epi ki disponib pou reponn kesyon w yo epi pou ede w aplike pou asirans sante.
- Mande sipèvizè w si patwon w ofri asirans sante anvan w al aplike pou asirans nan mache a.

Siveye mètdam yo pou yo pa volè kòb ou!

Ou dwe fè premye pa a pou w aplike pou asirans sante. PINGA W JANM bay moun ou pa konnen k ap rele w enfòmasyon pèsònèl ou tankou nimewo kat kredi w yo, nimewo kont ou nan bank, oubyen nimewo Sekirite Sosyal ou, oubyen dat ou fèt.

Ajans gouvènman yo nòmalman kominike atravè lapòs. Si ou jwenn yon apèl nan telefòn, yon tèks mesaj oubyen yon email soti nan yon oganizasyon ou pa konnen, san w pa t mande sa, fèmen telefòn la, oubyen pa reponn. Sant sante kominotè lokal ou an kapab rele w si w se yon pasyan. Men, yo pap mande w enfòmasyon pèsònèl nan telefòn. Pito, li probab y ap envite ou ka pou w vini nan sant sante an pou yo pale ak ou sou divès chwa asirans sante ou ka genyen.



Rele **800-318-2596** pou w pale avèk yon moun ki kapab reponn kesyon w yo, oubyen ede w enskri. Toujou gen èd disponib an kreyòl ayisyen.

Ou kapab jwenn èd tou nan:

Avètisman HRSA a: Se donasyon nimewo U30CS22741 ki sòti nan Biwo Resous Sante ak Administrasyon Sèvis pou Swen Sante Primè ("Health Resources and Services Administration's Bureau of Primary Health Care") ki sipòte piblikasyon sa a. Se sèl Farmworker Justice ki responsab sa k nan piblikasyon sa a e li pa nesèsman reflekte pwendvi ofisyèl "Bureau of Primary Health Care" an oubyen "Health Resources and Services Administration" a.

